

BAB IV

HASIL PANALUNGTIKAN JEUNG BAHASAN

Dina ieu bab didésripsikeun kalimah panyeluk dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia. aya lima hal anu rék ditepikeun, nyaéta (1) data kalimah panyeluk, (2) wanda kalimah panyeluk, (3) adegan kalimah panyeluk, (4) ma'na pragmatis kalimah panyeluk jeung (5) tahapan pragmatis kalimah panyeluk.

4.1 Data Kalimah Panyeluk

Tina hasil panalungtikan, kalimah panyeluk nu aya dinakumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia kapanggih aya 259 kalimah panyeluk. Sangkan leuwih jéntré bisa dititénan dina tabel ieu di handap.

No	Data Kalimah Panyeluk
1	Aaéh, hilap Am. (PW/T/25/10/1)
2	Aaéh Si Geulis, sugan téh itu, (PW/KG/301/12/1)
3	Aaéh ... Mang Suanta, damang, Mang? (PW/G/261/4/1)
4	Adeueuh, buukna kamajuan euy! (PW/T/23/6/1)
5	Adeueuh, mangmeunangkeun ..., euy ..., (PW/SGS/106/13/1)
6	Adeuh, keur arameng? (PW/R/79/10/1)
7	Aduh siah, meni hayang mepeg! (PW/T/24/6/28)
8	Aéh, Adang iraha ti kota? (RPW/R/79/6/1)
9	Aéh, Si Ujang. (PW/R/79/15/1)
10	Ah abdi mah sok nganggo pindang waé atanapi asin. (PW/F/160/1/1)
11	Ah, aksara Nunung cikalna ti Nining. (PW/ARLL/ 181/6/6)
12	Ah, alim ... da Bibi mah teu kénging kaluar ti bumi. (PW/KG/303/6/1)

13	Ah, alim, Mih. (PW/RnP/89/8/1)
14	Ah, Apa waé anggur nungguan mah. (PW/O/283/11/1)
15	Ah, awéwé. (PW/PNKS/234/3/8)
16	Ah, bahagia palebah manana? (PW/R/82/1/1)
17	Ah, bau Farid, keukeupan Farid jadi ubar kana sagalana. (PW/SS/219/7/5)
18	Ah, biasa gé tataros ari Lin aka mamana téh. (PW/R/77/4/1)
19	Ah, boa rarasaan waé meureun pedah bogoh ka manéhna. (PW/T/24/6/29)
20	Ah, dasar. Si An'an, kéna-kéna alus buukna. (PW/T/23/8/5)
21	Ah, da teu kuat dinyenyeri téh geuning. (PW/DN/100/8/1)
22	Ah, enya téténjoan meureun, (PW/O/286/2/6)
23	Ah, Euis mah, piraku atuh, da sanés kahoyong urang. (PW/TnL/27/14/1)
24	Ah, geus heubeul imah téh teu rerekétan. (PW/A/163/6/1)
25	Ah, henteu ... Gusti ..(PW/ARLL?181/6/1)
26	Ah, Ineke mah. (PW/RnP/86/7/1)
27	Ah, Ine mah. (PW/RnP/86/5/1)
28	Ah, kadeudeuh kolot, ku taya laasna. (PW/O/283/2/3)
29	Ah, Kang Momon mah, (PW/TnL/28/4/1)
30	Ah, Kang, urang kabur baé! (PW/Tnl?29/5/1)
31	Ah, ketah boa babaturanana. (PW/T/24/6/20)
32	Ah, ko perempuan lagi! (PW/TnL/27/20/1)
33	Ah, kumaha Kang Momon waé. (PW/TnL/27/3/1)
34	Ah, kuma ramana waé. (PW/TnL/27/11/1)
35	Ah, maenya. (PW/R/78/12/1)
36	Ah, Mamih mah, Ineke atuh nu geulis mah. (PW/RnP/89/2/1)
37	Ah, Mila iraha-iraha urang ka Cibulan yu! (PW/H/64/5/1)
38	Ah, montong. (PW/ARLL/186/5/1)

39	Ah, mun seug Isti jiga Ema nyaahna ka kuring, tada teuing. (PW/LSC/243/6/3)
40	Ah, moal enya meni montél kitu, ari babaturan mah! (PW/T/24/6/16)
41	Ah, Nining, Nining, (PW/PNKS/234/4/9)
42	Ah, nomer sapuluh mah regéng teuing, (PW/T/24/2/1)
43	Ah, nu bener? (PW/DN/99/6/1)
44	Ah, palangsiang ayeuna gé. (PW/A/165/3/6)
45	Ah, tahayul ... (PW/KG/302/9/3)
46	Ah, tapi ieu mah meni mesra sigana téh! (PW/T/24/6/25)
47	Ah, ti lembur baé. (PW/72/8/1)
48	Ah urang mah nomer sapuluh waé, (PW/T/23/11/1)
49	Alaaah capé, Bu Bahrum, peré waé ah, (PW/F/159/3/1)
50	Alaaah, duka atuh, (PW/SGS/106/1)
51	Alaaah ..., hadena juragan sumping. (PW/KG/312/7/1)
52	Alaaah, ieu téh geus nepi ka mana, jeung beuteung lapar deuih, (PW/NRHT/249/17/1)
53	Alhamdulillah. (PW/G/262/4/1)
54	Alhamdulillah!!! (PW/O/292/3/1)
55	Alhamdulillah, Gusti nuhun, cur hujan. (PW/A/161/2/1)
56	Alhamdulillah hirup Enong jeung anak-anakna téh heunteu aya kakurang geuning. (PW/ARLL/185/12/3)
57	Alim, Enéng sieun, ah. (PW/KG/314/3/1)
58	Amandaaa ...! (PW/KG/311/7/1)
59	Am, antosan! (PW/T/24/10/1)
60	Apa! (PW/SS/219/1/1)
61	Ari anak ngadirihil, ari pakasaban angger baé, gigibrig atuh euy! (PW/DN/97/17/1)

62	Astagfilullohaladzim! (PW/A/164/1/1)
63	Astagfilullohaladzim! (PW/O/283/7/3)
64	Astagfirullohaladzim, Kang, ari teu rido mah, abdi pulangkeun! (PW/ARLL/183/9/1)
65	Astagfirullohaladzim ... na diharéwosan ku sétan mana anak aing nepi ka kitu? (PW/SS/212/5/1)
66	Astagfirullohaladzim, ngagupayan tuh! (PW/O/281/4/4)
67	Astagfirullohaladzim ... sapuluh wé Mang, (PW/F/160/5/1)
68	Atawa boa teuing palastar kanyenyenan, (PW/SGS/105/5/6)
69	Asyiik, ya Néik! (PW/ARLL/183/13/1)
70	Audzubillahimindzalik, baid, baid. (PW/S/263/2/1)
71	Aya geulis . (PW/RnP/87/6/1)
72	Ayo,Mila! (PW/H/59/5/1)
73	Bade naon Adén ..., aééh éta Si Amang. (PW/G/261/8/1)
74	Bah Asim, teu nadéan cai? (PW/A/161/5/1)
75	Bakékok ...! (PW/KG/300/12/1)
76	Bakékok ... éh kékok, éh kékok ... lailah kékok, (PW/KG/300/13/1)
77	Bi ..., Bi Imih ..., Bi, (PW/KG/308/14/1)
78	Bi Imiih ..., kadieu geura! (PW/KG/ 301/3/1)
79	Bi Inaaah ... (PW/G/261/7/2)
80	Boa- boa bébére imah gé teu bisaun, gerentesna (PW/F/160/9/5)
81	Boa enya kuring téh micinta Yudi, boa lain. (PW/KSB/38/8/9)
82	Boa hasil teu uni. (PW/DN/101/1/1)
83	Boa-boa Kang Harja gé kitu (PW/O/290/31/3)
84	Boa-boa Nining geus pupulih yén kuring geus ti pamaénan. (PW/PNKS/235/4/7)

85	Bu, urang aremam ayeuna baé yu! (PW/KSB/35/26/1)
86	Bu urang berenang yu! (PW/KSB/34/2/1)
87	Cép Deny! (PW/B/230/14/1)
88	Da Bapa mah kersa sotéh mangmésérkeun TV ka ... emh ... ka ..emh. (PW/NRHT/247-248/18/1)
89	Denny ... (PW/B/231/7/1)
90	Didieu waé calik, ah! (PW/H/53/9/1)
91	Duh Gusti, na teu kénging abdi nguyup madu hirup téh? (PW/TnL/29/2/6)
92	Éééh ... ngadon diajakan ngobrol, sina saré kainya Eman! (PW/O/284/13/1)
93	Éh, dekok ... panto, dekok ... éh angina. (PW/KG/315/13/1)
94	Éy, éta body-na sugan mah! (PW/T/24/2/4)
95	Éh géwél ..., éh jurig ..., waawww ... éh, Néng Manda. (PW/KG/311/11/1)
96	Éh, géwél. Uum, Ibi di handap. (PW/KG/315/7/1)
97	Éh geuning Mamah, iraha sumping? (PW/ARLL/179/6/1)
98	Éh ... hangseur ... éh, dekok. (PW/KG/315/17/1)
99	Éh, Kang Ukar, geuning beurang kénéh geus mulang? (PW/NRHT/250/8/1)
100	Éh, mengganggu kesenangan orang, (PW/KSB/36/2/1)
101	Éy, Mang Amat mah. (PW/RnP/92/5/1)
102	Éh, Si Papah ... (PW/LSC/244/5/1)
103	Éh, Si Aam datang euy! (PW/T/23/5/1)
104	Éh, Si Ajan hiap. (PW/Dn/97/3/1)
105	Éh, Si Emang ... rék naon k adieu? (PW/G/258/8/1)
106	Éh, sok heureuy, sok éngal, téreh seep nu diacuk bobot. (PW/RnP/89/9/1)
107	Emaaa ...! (PW/O/282/5/1)
108	Embook ... Mami ka mana? (PW/ARLL/185/8/1)
109	Emh, barudak keur naraon ayeuna? (PW/ARLL/182/1/3)

110	Emh ... emh ... henteu. (PW/KG/313/12/1)
111	Emh, Eni mah ngan ukur hayang cocoan téh, da boga mah acan, karunya teuing. (PW/DN/98/5/1)
112	Emh, Ibuna, (PW/O/290/30/1)
113	Emh, jero piker manéhna mah hayangeun lalaki, (PW/TnL/27/21/1)
114	Emh, kasép, naha atuh boga indung téh teu kawas Ema Bapa. (PW/LSC/244/1/4)
115	Emh, ka telenges ari lalaki. (PW/T/24/7/3)
116	Emh, kitu? (PW/R/81/20/1)
117	Emh, leungiteun temen Nunung meureunan, ka saha diajar neruskeun téh, (PW/ARLL/181/8/1)
118	Emh ..., maksud Papap téh, naha Amanda keresa ... mun ... (PW/KG/299/13/1)
119	Emh, Yudi ... ieu Ibu ... ieu Yuyun tulungan. (PW/KSB/39/19/13)
120	Enééng ...! (PW/KG/302/1/1)
121	Enéng ... nu ngaharirng ..., (PW/KG/311/2/4)
122	Enééng ..., panto! (PW/KG/315/12/1)
123	Enya, ngarah diburuhan gedé ..., hayu, Galéjra. (PW/265/5/1)
124	Eueueuh ... (PW/S/267/13/1)
125	Eueuh kitu? (PW/F/159/10/1)
126	Euleuh Ian, Untri, Bubung! (PW/TnL/27/16/1)
127	Gandéng ah, puguh Nila nu sangsara mah. (PW/DN/100/1/1)
128	Geuleuh, ah. (PW/R/80/22/1)
129	Geus aya orok mah ah, moal kaburu lalajo lalajo acan. (PW/LSC/242/5/2)
130	Gupuy-gapay, ah ... mukena! (PW/SS/219/8/5)
131	Gusti, na mahluk naon atuh éta téh. (PW/O/281/3/3)

132	Hayoh éngal. (PW/RnP/89/16/1)
133	Hayoh teu berenang deui. (PW/KSB/34/5/1)
134	Hayu atuh urang sareng! (PW/T/25/5/1)
135	Hayu atuh, Yun ... (PW/KSB/38/13/1)
136	Hayu urang dariuk, ah.(PW/KSB/35/24/1)
137	Hé, manusa, sok tah mobil keur kuring, moal disada deui kuring gé. (PW/S/264/9/1)
138	Héy, Bapa indehoy! (PW/KSB/34/12/1)
139	Héy, jarajablog waééé! (PW/KSB/37/13/1)
140	Héy, ngalamun hoyah! (PW/H/53/2/1)
141	Héy, sejak kapan sayangku jadi judes gitu? (PW/SS/221/6/1)
142	Heemh seénaknyah. (PW/R/82/10/1)
143	Hemh, jauh teuing nya? (PW/R/72/14/1)
144	Heug wé, ceuk Si Tata, saimah jeung lalaki, sakamar, sageblug ... Masya Allah. (PW/SS/218/1/1)
145	His, bisi diturutan ku barudak. (PW/KSB/34/8/1)
146	Horéé! (PW/A/165/1/1)
147	Ibu ...! Ibu ...! (PW/TnL/27/17/1)
148	Ibu ... (PW/KSB/42/7/1)
149	Ih, ari didinya? (PW/DN/99/7/1)
150	Ih, atoh wé nu aya, heug meni kasép téh, siga Bapana wé ceuk Ema mah. (PW/LSC/243/5/1)
151	Ih, lain mangmeunangkeun ... (PW/SGS/106/14/1)
152	Ih leres (PW/R/70/4/1)
153	Ih, muhun ngusapan ka Nina gé. (PW/H/66/12/1)
154	Ih, na Yuyun, manéh téh teu boga kaéra. (PW/KSB/38/8/5)

155	Ih, Papap mah kalah gumujeng ka Pa Diréktur geuning. (PW/RnP/170/10/9)
156	Ih,Si Ajan, iraha atuh silaing rék aya kamajuan! (PW/DN/97/16/1)
157	Is! (PW/TnL/33/10/1)
158	Is, tida bisa! PW/T/24/1/1)
159	Iy, géngsi ... Isti gé tiasa mésér nyalira. (PW/LSC/245/7/1)
160	Iy, géték téh Ka, basa mimiti enén mah. (LSC/244/10/1)
161	Iy ..., situncuing! (PW/S/264/5/1)
162	Iyy, tuh nya ceuk Ema gé nanahaon melak tangkal saliar. (PW/O/383/4/1)
163	Jang Harja! (PW/O/292/1/1)
164	Jang Katma, (PW/B/230/2/1)
165	Juragan ... istri! (PW/KG/316/1/1)
166	Ju ... ju ... ragan istri ..., éh Néng Ma ... Manda (PW/KG/306/3/1)
167	Juriiiig ..bolong! (PW/KG/315/19/1)
168	Kaaang! (PW/O/281/5/1)
169	Kang! (PW/TnL/32/5/1)
170	Kang, Kang, gugah! (PW/O
171	Kang, Kang! (PW/O/286/13/1)
172	Kang Pendi, (PW/B/230/3/1)
173	Karunya tuda Pah, mun aya nu ngalayad teu aya box mah iy, géngsi, (PW/LSC/245/4/2)
174	Kejem, tida ada manusia paling nkejem di ... dunia, éh lega teuing, di Indonésia éh .. lega teuing, di satatar Cikaso waé, salain ti Aki kita (PW/SGS/107/4/1)
175	Keun wé ah, diinget-inget teuing, da aya indungna. (PW/ARLL/182/3/1)
176	Kitu ih pangarahan! (PW/O/287/18/1)
177	Laah, boro-boro, (PW/DN/97/12)

178	Lah, ararasin teuing, (PW/R/80/1/2)
179	Lah, biasa ortipuny mah.(PW/KSB/36/5/1)
180	Lah, cig baé nu ngarora heula. (PW/KSB/39/17/1)
181	Lah, tong pupu-papa da keur piknik. (PW/KSB/34/7/1)
182	Mangga atuh, Bu ... (PW/KSB/37/4/1)
183	Mangga atuh, bisi kasiangan. (PW/R/70/12/1)
184	Mangga Enéng calik. (PW/R/80/1/1)
185	Mangga Néng geura lebet! (PW/H/65/7/1)
186	Mangka buruan lega, jaba tangkal jambu air sakitu matak ngabalaan daunna ... iy, mani balatak (PW/ARLL/180/4/4)
187	Mila ... (PW/H/58/9/1)
188	Moal-moal dipepeg tah Si Tata téh, bisi ... ah, maenya teuing. (PW/SS/220/7/10)
189	Moal salah datang téh ditangkeup, di ... ahh! (PW/O/299/20/3)
190	Naaa, ana plong téh hate meni rebéh, (PW/T/25/11/1)
191	Na angin ti mana atuh? (PW/O/286/2/3)
192	Na aya kajadian naon atuh bieu téh? (PW/KG/308/4/1)
193	Na ,enya kitu kuring téh siga béntang pilem Amérika? (PW/R/71/12/2)
194	Na enya, Pa? (PW/G/260/19/1)
195	Na geus gugah kitu Neng Nina, Bi? (PW/H/66/6/1)
196	Naha sok pipilih, ih, jeung sah baé katénjona téh. (PW/R/71/15/4)
197	Na ka mana ari Kang Harja atuh, (PW/O/281/2/2)
198	Na ka mana inditna awéwé téh. (PW/KG/312/4/1)
199	Na kamari ngajajapkeun Tomy kitu ka Unpar? (PW/R/70/6/1)
200	Na Kang Harja téh gaduh garwa deui? (PW/O/294/19/1)
201	Na Kang Harja téh kagungan garwa deui?

202	Na ku naon kitu? (PW/HRL/180/8/1)
203	Na nénjo naon atuh lanjng sadua-dua nepi ka tingkarocéak. (PW/KG/308/8/3)
204	Na ngawih téh teu eureun-eureun uncuing? (PW/S/265/3/1)
205	Na pisang goréng kitu Rusdi téh/ (PW/R/73/19/1)
206	Na pukul sabaraha ieu téh meni sepi-sepi teuing? (PW/R/281/6/1)
207	Na saha awéwé ngulampreng puting-peuting kieu? (PW/KG/311/8/3)
208	Na saha nu kawasa nangtukeun anak lalaki. (PW/O/285/5/7)
209	Na saha nu orokan deui di lelewék ieu iwal ti kuring sorangan. (PW/O/286/1/3)
210	Naon ieu téh teu pupuguh: boa bogoheun, boa henteu ka aing. (PW/T/24/6/3)
211	Nék ... Nénéék ... udah tidur! (PW/ARLL/183/11/1)
212	Néng ... (PW/KG/258/7/1)
213	Néng Mandaaa ...! (PW/KG/316/12/1)
214	Nuhun. (PW/H/54/3/1)
215	Nuhun atuh, Néng. (PW/H/66/3/1)
216	Nuhun Gusti! (PW/A/162/4/1)
217	Nuhun Gusti, anak abdi henteu saré sagebrug sareng lalaki anu lain muhriman. (PW/SS/221/1/4)
218	Nu mawi abdi dijurungan kadieu, da éta ...emh, tadi Bapa téh bade nongton sareng emh ... emh, emh Ibu. 9PW/NRHT/247/16/1)
219	Nina! (PW/H/67/9/1)
220	Nina! (PW/H/67/8/1)
221	Nini! Nini! (PW/ARLL/190/3/1)
222	Oooh hoyong ubrang-abringna? (PW/F/157/6/1)
223	Paaa! Paa ...! (PW/O/281/7/1)
224	Palangsiang awéwé nu ieu téh pipamajikaneun Bapana nu anyar. (PW/KG/299/1/3)

225	Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya! (PW/TnL/28/3/1)
226	Pap. (PW/RnP/93/4/1)
227	Papap. (PW/RnP/93/3/1)
228	Papap ...! (PW/Kg/316/7/1)
229	Popi. (PW/RnP/92/8/1)
230	Popi. 9PW/RnP/90/7/1)
231	Réni, Réni ... Bi Inah! (PW/O/291/15/1)
232	Rusdi, (PW/R/75/9/1)
233	Rusdi, ulah kitu, ah! (PW/R/82/4/1)
234	Sacara psikologis téh boa Aki téh katerap panyakit jiwa. (PW/SGS/107/3/6)
235	Si Sangkuni béda euy pov ieu mah! (PW/T/23/7/1)
236	Tada teuing nyerieun haténa, indung urang saréréa téh. (PW/SGS/105/3/5)
237	Tapi ketah boa enya teu bogaeun. (PW/H/62/8/3)
238	Teu resep, ah, dicepeangan batur béntang pilem mah. (PW/KSB/41/3/1)
239	Tidur, yu! (PW/H/38/3/1)
240	Uih yu Néng! (PW/R/84/13/1)
241	Ujaaang, Ujaaang!!1 9Pw?O/295/12/7)
242	Ulah wengi teuing ... éh aya teleponna? (PW/O/292/9/1)
243	Wah, ini kenapa? (PW/A/165/5/1)
244	Wilujeng anaking, (PW/KG/299/3/1)
245	Wilujeng kulem! (PW/H/59/8/1)
246	Wilujeng sonten, madame, (PW/H/53/2/1)
247	Wilujeng wengi, (PW/KG/300/10/1)
248	Ya Allah, Si Herman jeung awéwé téa geus aya di tukangeun kuring. (PW/T/24/11/2)
249	Ya Allah, Enéng mana Rama? (PW/RnP/92/2/1)

250	Ya Allah ..., Enéng ... oyag ... korsi!(PW/KG/302/3/1)
251	Yap, kadariéu, (PW/KSB/35/25/1)
252	Yéy, teu parantes murid nanya kitu ka guru. (PW/KSB/41/18/1)
253	Yu, ah!(PW/H/56/5/1)
254	Yu, atuh urang bobo heula! (PW/H/60/18/1)
255	Yu, leleson heula, engké candak artosna. (PW/H/61/1/2)
256	Yun, urang paparahuan, yu! (PW/KSB/38/9/1)
257	Yu, sareng abdi ka ditu. (PW/KSB/39/7/1)
258	Yu, tiluan baé, (PW/KSB/39/14/1)
259	Yu, urang ka réstoran deui. (PW/H/5815/1)

4.2. Wanda Kalimah Panyeluk

Nilik kana adegan internalna, kalimah panyeluk aya tilu wanda nyaéta (1) kalimah salam, (2) kalimah panggentra, jeung (3) kalimah anteuran.

4.2.1 Kalimah Panyeluk Wanda Salam

Kalimah panyeluk dina wanda salam nyaéta kalimah anu wangunna matok, biasana dipaké waktu tepung jeung jalma lian, boh ngamimitian omongan boh mungkas omongan. Tina hasil analisis data kapanggih 4 kalimah panyeluk dina wanda salam. Bisa dititénan dina conto data di handap

1. (244) wilujeng anaking, (PW/KG/299/3/1)

2. (245) *wilujeng kulem!* (PW/H/59/8/1)
3. (246) *Wilujeng sonten, Madame,* (PW/H/53/2/1)
4. (247) *Wilujeng wengi,* (PW/KG/300/10/1)

Kalimah (244) *wilujeng anaking*, ngébréhkeun ucapan salam anu biasa dipaké lamun panggih jeung jalma lian. Kecap anaking ngébréhkeun yén éta ucapan salam téh ditujukeun ku panyatur ka anakna. Éta kalimah diébréhkeun ku Bapana Amanda nalika papanggih jeung Amanda.

Kalimah (245) *wilujeng kulem!* ngébréhkeun ucapan salam anu biasa dipaké ka jalma anu rék saré. Éta kalimah diucapkeun ku Mila nalika ngajajap Daud ka kamarna.

Kalimah (247) *Wilujeng sonten, Madame,* mangrupa ucapan salam anu biasa lamun panggih dina waktu pasosoré. Éta kalimah dikedalkeun ku Henri salah saurang tamu café ka Mila nalika pasosoré.

4.2.2 Kalimah Panyeluk Wanda Panggentra

Kalimah panyeluk dina wanda panggentra nyaéta kalimah panyeluk nu diwangun ku nyebut ngaran, gelar, sesebutan, atawa pangkat geusan manggil atawa ngagentraan jalma lian. Tina hasil analisis data kapanggih 44 kalimah panyeluk dina wanda panggentra. Bisa katitén tina conto di handap

1. (89) *Denny ...* (PW/B/231/7/1)
 2. (227) *Papap ...!* (PW/Kg/316/7/1)
- Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (92) *Denny ...* (PW/B/231/7/1) nyaéta kalimah panyeluk dina wangun ngaran jalma, anu gunana pikeun ngagentraan. Éta kalimah dikedalkeun ku Bapana Deny waktu ngagentraan Deny.

Kalimah (246) *Papap ...!* (PW/Kg/316/7/1) mangrupa kalimah panyeluk dina wangun sesebutan. Kacap *Papap* mangrupa kecap sesebutan anak ka nu jadi Bapa. Éta kalimah diucapkeun ku Popi ka Bapana pikeun ngagentraan Bapana.

4.2.3 Kalimah Panyeluk Wanda Anteuran

Kalimah panyeluk dina wanda anteuran nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa panyatur, biasana tumali jeung kanyeri, kareueus, kakeuheul, antusiasme, jst. Tina hasil analisis kapanggih 211 kalimah panyeluk dina wanda anteuran. Bisa dititénan dina conto kalimah panyeluk di handap

1. (4) *Adeueuh, buukna kamajuan euy!* (PW/T/23/6/1)
2. (73) *Bade naon Adén ..., aéééh éta Si Amang.* (PW/G/261/8/1)
3. (75) *Bakékok ... éh kékok, éh kékok ... lailah kékok,* (PW/KG/300/13/1)
4. (119) *Emh, Yudi ... ieu Ibu ... ieu Yuyun tulungan.* (PW/KSB/39/19/13)
5. (151) *Ih, lain mangmeunangkeun ...* (PW/SGS/106/14/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (4) *Adeueuh, buukna kamajuan euy!* (PW/T/23/6/1) nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun kareueus panyaturna. Ieu ditandaan ku kecap panganteur *adeueuh* anu nandakeun kareueus panyatur kana hiji perkara. Panyatur reueus kana gaya buukna pangregep.

Kalimah (73) *Bade naon Adén ..., aéééh éta Si Amang.* (PW/G/261/8/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa gumbira. Ieu kalimah ditandaan ku kecap panganteur *aéééh* anu nandakeun kagumbiraan panyatur. Dina éta kalimah, panyatur gumbira lantaran panggih deui jeung Si Amang.

Kalimah (119) *Bakékok ... éh kékok, éh kékok ... lailah kékok,* (PW/KG/300/13/1) ngébréhkeun rasa kagét panyatur kana hiji perkara. Ieu kalimah

ditandaan ku kecap panyeluk *éh* dua kali sarta dituluykeun ku kecap panyeluk *lailah*, anu nandakeun panyatur kacida kagétna nepi ka géhgéran.

Kalimah (151) *Emh, Yudi ... ieu Ibu ... ieu Yuyun tulungan.* (PW/KSB/39/19/13) mangrupa kalimah panyeluk dina wanda kalimah anteuran anu ngébréhkeun rasa sedih. Ieu kasedih bisa dicirikeun tina kecap panyeluk *emh* nu nandakeun rasa nalangsa panyaturna

4.3 Adegan Kalimah Panyeluk

Adegan kalimah panyeluk mangrupa susunan unsur-unsur fungsional anu ngawangun kalimah panyeluk. Adegan kalimah panyeluk patali jeung wangun kalimah dumasar kana kalengkepan klausa pangwangunna. Ku kituna ieu analisis adegan kalimah panyeluk nyoko kana wangun kalimah, kayaning kalimah sampurna jeung kalimah teu sampurna.

4.3.1 Kalimah Panyeluk Sampurna

Wangun kalimah sampurna nyaéta kalimah anu diwangun ku jejer (J) jeung caritaan (C), boh dibaréngan ku udagan (U), panglengkep (Pang), jeung katerangan (Kat), boh henteu. Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dalapan pola kalimah panyeluk dina wangun kalimah sampurna. Di antarana bisa dititénan di handap sarta satuluyna bisa dititénan dina lampiran.

4.3.1.1 Pola Kpy+J+C± [Tpy± Tpny± Ttk± Tkm]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 101 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, jejer jeung caritaan boh maké tanda panyeluk, tanda pananya, tanda titik, atawa tanda koma boh henteu. Ieu pola kalimah miboga 47 subpola nyaéta Kpy+J+C+Tpy, Kpy+J+C+Ttk, Kpy+J+C+Tpny, Kpy+J+C+Tkm,

Kpy+C+J+Ttk, Kpy+C+J+Tkm, Kpy+C+J+Tpny, C + J + C + Kpy+Ttk, Kpy + J + C + C + C+Ttk, Kpy + C + J + J + C+Ttk, Kpy + C + KP + J + KP + KP + J+Ttk, Kpy+ J + J + C+Tpy, Kpy+J+J+C+Tkm, Kpy+J+J+C+Ttk, Kpy + J + C + Tpy, Kpy+ J + C + J + C+Tkm, C + Kpy + J+Tpy, Kpy + Kpy+ C + J+ C+Ttk, Kpy + C + C + C + J+Ttk, Kpy + J + C + J+Tpny, Kpy + C + J+ C + Kpy+Tkm, Kpy+ J + C + J + C+Ttk, J + J + C + C + C + Kpy+Tpy, Kpy + U + Kat + J + C+Tpy, Kpy + J + J + C+Ttk, Kpy + J + C + U + Kpy+ C+Ttk, C + J + C + Kpy+Tpy, C +Kpy+ C + C + J+Ttk, C + J + J + C +Kpy+ C+Tkm, Kpy + C + J + C+Tpny, Kpy+ J + C +Kpy+Ttk, Kpy + J + C + J+Tpny, Kpy + C+Kpy + J+Ttk, Kpy + C + C +J+Tpy, jeung C+Kpy+C+J+Ttk. Data kalimahna di antarana bisa ditiénan di handap, sarta satuluyna bisa ditiénan dina lampiran.

a. Subpola Kpy+J+C+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 9 kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (46) Ah, tapi ieu mah meni mesra sigana téh! (PW/T/246/25)
2. (59) Am, antosan! (PW/T/24/10/1)

Jst (titiénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *tapi ieu mah*, caritaan *meni mesra sigana téh*, jeung dipungkas ku tanda panyeluk . Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku jejer *Am*, caritaan *antosan* jeung dipungkas ku tanda panyeluk.

b. Subpola Kpy+J+C+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 10 kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (14) Ah, Apa waé anggur nungguan mah. (PW/O/283/11/1)
2. (28) Ah, kadeudeuh kolot, ku taya laasna. (PW/O/283/2/3)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku jejer, caritaan, jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *apa waé*, caritaan *anggur nungguan mah*, sarta dipungkas ku tanda titik . Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *kadeudeuh kolot*, caritaan *ku taya laasna*, sarta dipungkas ku tanda titik.

c. Subpola Kpy+J+C+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih opat kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung dipungkas ku tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (42) Ah, nomer sapuluh mah regéng teuing, (PW/T/24/2/1)
2. (48) Ah urang mah nomer sapuluh waé, (PW/T/23/11/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung dipungkas ku tanda koma. .Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *nomer sapuluh mah*, caritaan *regéng teuing*, jeung dipungkas ku tanda koma. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku

kecap panyeluk *ah*, jejer *urang mah*, caritaan *nomer sapuluh waé*, jeung dipungkas ku tanda koma.

d. Subpola Kpy+C+J+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 10 kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan, jejer jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (1) *Aaéh*, hilap *Am*. (PW/T/25/10/1)
2. (13) *Ah*, alim, *Mih*. (PW/RnP/89/8/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, caritaan, jejer jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *aaéh*, caritaan *hilap*, jejer *Am*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah*, caritaan *alim*, jejer *Mih* jeung dipungkas ku tanda titik.

e. Subpola Kpy+C+J+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih nu miboga tilu kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan, jejer jeung dipungkas ku tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (197) *Na ka mana ari Kang Harja atuh*, (PW/O/281/2/2)
2. (205) *Na pisang goréng kitu Rusdi téh*, (PW/R/73/19/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, caritaan, jejer jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *na*, caritaan *ka mana*, jejer *ari Kang Harja atuh*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *na*, caritaan *pisang goréng kitu*, jejer *Rusdi téh*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.2 Pola Kpy+J+C+Kat± [Tpy± Tpny± Ttk± Tkm]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 27 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung katerangan, boh nu maké tanda panyeluk, tanda pananya, tanda titik, atawa tanda koma boh nu henteu. Ieu pola kalimah miboga 24 sub pola nyaéta Kpy+J+C+Kat+Tpny, Kpy+J+C+Kat+Ttk, Kpy+J+C+Kat+Tpy, C+J + Kpy+Kat + C+Ttk, Kpy+C + J + C + Kat+Ttk, Kpy + Kat + C + J + C+Ttk, KP + J + Kat + C+Tpny, C + J + C + Kat + Kpy + Kat + J + C + Kat +KP+Ttk, Kpy + J + C + Kat+Ttk, C + J + C + Kat + C + C+ Kpy+Ttk, Kpy + Kat + C + J+Tpy, Kpy + Kat + J + Kat + C + J+Ttk, Kpy + J + C + J + Kat+Kpy+Tpy, Kat + Kpy+J + C + U+Tpy, Kpy+ J + J + C + Kat +C+Ttk, Kpy + C + J + Kat + J+Ttk, Kpy + C + J + C + Kat+Tpny, C + C + J + C + Kat + Kpy + C + Kat + Kpy + C + Kat+Ttk, Kpy + C + U + Kat + C+Ttk, KP + C +C+Kat+J+Ttk, KP + U + J + C + Kat+Tpny, J+J+C+Kat+Kpy+Tpy. Data kalimahna di antarana bisa dititénan di handap, sarta satuluyna bisa dititénan dina lampiran

a. Subpola Kalimah Kpy+J+C+Kat+Tpny

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih tilu kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, katerangan jeung dipungkas ku tanda pananya. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (105) Éh, Si Emang ... rék naon kadieu? (PW/G/258/8/1)
2. (109) Emh, barudak keur naraon ayeuna? (PW/ARLL/182/1/3)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan, katerangan, jeung dipungkas ku tanda pananya. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *éh*, jejer *Si Emang*, caritaan *rék naon*, katerangan *ka dieu*, jeung dipungkas ku tanda pananya. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *emh*, jejer *barudak*, caritaan *keur naraon*, katerangan *ayeuna*, jeung dipungkas ku tanda pananya.

b. Subpola Kalimah Kpy+J+C+Kat+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, katerangan, jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (10) Ah abdi mah sok nganggo pindang waé atanapi asin. (PW/F/160/1/1)
2. (257) Yu, urang sareng abdi ka ditu. (PW/KSB/39/7/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan, katerangan jeung tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *abdi mah*, caritaan *nganggo pindang waé*, katerangan *atanapi asin* jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu

kadua diwangun ku kecap panyeluk *yu*, caritaan *urang sareng*, jejer *abdi*, katerangan *ka ditu*, jeung dipungkas ku tanda titik.

c. Subpola Kalimah Kpy+J+C+Kat+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, katerangan, jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (225) Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya! (PW/TnL/28/3/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur, diwangun ku kecap panyeluk *palangsiang*, jejer *keur bobotna*, caritaan *émut baé*, katerangan *ka dinya* jeung dipungkas ku tanda titik.

d. Subpola Kalimah +Kat+J+C+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, katerangan, jejer, caritaan, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (129) Geus aya orok mah ah, moal kaburu lalajo lalajo acan. (PW/LSC/242/5/2)

Dina kalimah panyeluk di luhur, diwangun ku kecap panyeluk *ah*,

e. Subpola Kalimah Kpy+ J + C+Kat+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, katerangan, jejer, caritaan, jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (24) Ah, geus heubeul imah téh teu rerekétan. (PW/A/163/6/1).

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *ah*, katerangan *geus heubeul*, jejer *imah téh*, caritaan *teu rerekétan*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.3 Pola Kpy+J+C+Pang± [Tpy± Tpny± Ttk± Tkm]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 11 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung panglengkep, boh nu maké tanda panyeluk, tanda pananya, tanda titik, atawa tanda koma boh nu henteu. Ieu pola kalimah miboga 7 subpola nyaéta Kpy+J+C+Pang+Ttk, Kpy+J+C+Pang+Tpny, Kpy + J + J + C + Pang+Ttk, C + C + Pang + Kpy + J+Ttk, Kpy + C + J + C +Pang+Ttk, J + C +Kpy + C + Kpy +C+ Pang+Ttk, jeung C + Kpy + C + Pang + J+Ttk. Data kalimahna di antarana bisa dititénan di handap, sarta satuluyna bisa dititénan dina lampiran

a. Subpola Kpy+J+C+Pang+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih opat kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, panglengkep jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (155) Ih, Papap mah kalah gumujeng ka Pa Diréktur geuning.
(PW/RnP/170/10/9)
2. (20) Ah dasar, Si An'an, kéna-kéna alus buukna. (PW/T/23/8/5)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan, panglengkep, jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ih*, jejer *papap mah*, caritaan *kalah gumujeng*, panglengkep *ka Pa Diréktur*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah dasar*, jejer *Si An'an*, caritaan *kéna-kéna alus*, panglengkep *buukna*, jeung dipungkas ku tanda titik.

b. Subpola Kalimah Kpy+J+C+Pang+Tpony

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, panglengkep jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (200) Na Kang Harja téh gaduh garwa deui? (PW/O/294/19/1)
2. (201) Na Kang Harja téh kagungan garwa deui?

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer, caritaan, panglengkep jeung tanda pananya. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *na*, jejer *Kang Harja téh*, caritaan *gaduh* panglengkep *garwa deui*, jeung dipungkas ku tanda pananya. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *na*, jejer *Kang Harja téh*, caritaan *kagungan*, panglengkep *garwa deui*, jeung dipungkas ku tanda pananya.

c. Subpola Kalimah C+C+Pang+Kpy+J+Ttk

Fitria Puji Lestari, 2014

Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk Dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangon Aam Amalia

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah caritaan, caritaan, panglengkep, kecap panyeluk, jejer, jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (123) Enya, ngarah diburuhan gedé ..., hayu, Galéjra. (PW/265/5/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku caritaan *enya*, caritaan *ngarah diburuhan*, panglengkep *gedé*, kecap panyeluk *hayu*, jejer *Galéjra*, jeung dipungkas ku tanda titik.

d. Subpola Kalimah Kpy+C+J+C+Pang+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan, jejer, caritaan, panglengkep, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (252) Yéy, teu parantes murid nanya kitu ka guru. (PW/KSB/41/18/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *yéy*, caritaan *teu parantes*, jejer *murid*, caritaan *nanya kitu*, panglengkep *ka guru*, jeung dipungkas ku tanda titik.

e. Subpola Kalimah C + Kpy + C + Pang + J+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah caritaan, kecap panyeluk, caritaan, panglengkep, jejer, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (238) Teu resep, ah, dicepengan batur béntang pilem mah. (PW/KSB/41/3/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku caritaan *teu resep*, kecap panyeluk *ah*, caritaan *dicepengan*, panglengkep *batur béntang pilem mah*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.4 Pola Kpy+J+C+U_± [Tpy_± Tpny_± Ttk_± Tkm]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 13 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, jejer, caritaan jeung udagan boh nu maké tanda panyeluk, tanda pananya, tanda titik, atawa tanda koma, boh nu henteu. Ieu pola kalimah miboga 11 subpola nyaéta Kpy+J+C+U+Tpy, Kpy+J+C+U+Tkm, Kpy+J+C+U+Tpy, J+C+U+Kpy+Tpy, Kpy + J + Kpy+ C + J + C + U+Tpy, Kpy + C + J + C + Kpy + J+Ttk, Kpy + C + J + C + U+Ttk, J + C + J + C + U + Kpy + C+Ttk, jeung Kpy + C + J + C + C + U+Ttk. Data kalimahna di antarana bisa dititénan di handap sarta satuluyna bisa dititénan dina lampiran

a. Sub Pola Kalimah Kpy+J+C+U+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah nu miboga subpola kalimah jejer, caritaan, udagan jeung dipungkas ku tanda pananya. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (74) Bah Asim, teu nandéan cai? (PW/A/161/5/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku jejer *Bah Asim*, caritaan *teu nandéan*, udagan *cai* jeung dipungkas ku tanda pananya.

b. Subpola Kalimah Kpy+C+J+U+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, udagan jeung tanda koma. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (100) Éh, mengganggu kesenangan orang, (PW/KSB/36/2/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *éh*, caritaan *mengganggu*, udagan *kesenangan orang*, jeung tanda koma.

c. Sub Pola Kalimah Kpy+J+C+U+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, caritaan, udagan jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (86) Bu urang berenang yu! (PW/KSB/34/2/1)
2. (256) Yun, urang paparahuan, yu! (PW/KSB/38/9/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku jejer, caritaan, udagan jeung kecap panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku jejer *Bu*, caritaan *urang*, udagan *berenang*, kecap panyeluk *yu*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku jejer *Yun*, caritaan *urang*, udagan *paparahuan*, kecap panyeluk *yu*, jeung dipungkas ku tanda titik.

d. Subpola Kalimah Kpy + J + Kpy+ C + J + C + U+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, kecap panyeluk, caritaan, jejer, caritaan, udagan jeung tanda pananya. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (91) Duh Gusti, na teu kénging abdi nguyup madu hirup téh?
(PW/TnL/29/2/6)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *duh*, jejer *Gusti*, kecap panyeluk *na*, caritaan *teu kénging*, jejer *abdi*, caritaan *nguyup*, udagan *madu hirup téh*, jeung dipungkas ku tanda pananya.

e. Subpola Kalimah Kpy + C + J + C + Kpy + J+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan, jejer, caritaan, kecap panyeluk, jejer, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (93) Éh, dekok ... panto, dekok ... éh angina. (PW/KG/315/13/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *éh*, caritaan *dekok*, jejer *panto*, caritaan *dekok*, kecap panyeluk *éh*, jejer *angina*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.5 Pola Kpy+C+Pang+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, caritaan jeung panglengkep. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (68) Atawa boa teuing palastra kanyenyarian, (PW/SGS/105/5/6)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *atawa boa teuing*, caritaan *palastra*, panglengkep *kanyenyarian*, jeung tanda koma.

4.3.1.6 Pola Kpy+C+Kat+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 1 kalimah panyeluk nu miboga pola udagan nu mangrupa kecap panyeluk, caritaan, katerangan jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (181) Lah, tong pupu-papa da keur piknik. (PW/KSB/34/7/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *lah*, caritaan *tong pupu-papa*, katerangan *da keur piknik*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.7 Pola Kpy+C+Kat+C+U+ Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, caritaan, katerangan, caritaan, udagan jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (255) Yu, leleson heula, engké candak artosna

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *yu*, caritaan *leleson heula*, katerangan *engké*, caritaan *candak*, udagan *artosna*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.1.8 Pola Kpy + J + Kat+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 1 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk, jejer, katerangan jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (259) Yu, urang ka rstoran deui. (PW/H/5815/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *yu*, jejer *urang*, katerangan *ka réstoran deui*, jeung dipungkas ku tanda titik.

4.3.2 Kalimah Panyeluk Teu Sampurna

kalimah teu sampurna nyaéta kalimah anu miboga sakurang-kurangan struktur J-C. Tina hasil analisis data kapanggih 4 pola kalimah anu miboga adegan kalimah teu sampurna. Data kalimahna bisa dititénan di handap.

4.3.2.1 Pola Vok ±Tpy±Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 34 kalimah panyeluk nu miboga 8 pola boh nu maké tanda panyeluk boh nu maké titik. Ieu kalimah miboga subpola Vok+ Tpy, Vok+ Ttk, Vok+ Tkm, Vok + Tpy+ Vok+ Tpy, Vok+Kpy+Vok, Vok +Vok+Vok+Tkm, jeung Vok+Vok+Vok+Tpy. Data kalimahna di antarana bisa ditiénan di handap sarta satuluyna bisa ditiénan dina lampiran

a. Subpola Kalimah Vok+ Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 13 kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah vokatif jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (58) *Amandaaa ...!* (PW/KG/311/7/1)
2. (60) *Apa!* (PW/SS/219/1/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku vokatif jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk vokatif *Amandaa* jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku vokatif *Apa*, jeung dipungkas ku tanda panyeluk.

b. Subpola Kalimah Vok+ Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 9 kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah vaokatif jeung dipungka ku tanda titik. Data kalimahna bisa ditiénan di handap

1. (79) *Bi Inaaah ...* (PW/G/261/7/2)

2. (89) Denny ... (PW/B/231/7/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku vokatif jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku vokatif *Bi Inah*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk kadua diwangun ku vokatif *Denny*, jeung dipungkas ku tanda titik.

c. Subpola Kalimah Vok+ Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah vokatif jeung dipungkas ku tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (164) Jang Katma, (PW/B/230/2/1)
2. (232) Rusdi, (PW/R/75/9/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku vokatif jeung dipungkas ku tanda koma. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku vokatif *Jang Katma*, jeung dipungkas ku tanda koma. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku vokatif *Rusdi*, jeung

d. Subpola Kalimah Vok + Vok+ Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dua kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah vokatif, vokatif, jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (221) Nini! Nini! (PW/ARLL/190/3/1)
2. (241) Ujaaang, Ujaaang!! (Pw/O/295/12/7)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku vokatif, vokatif jeung tanda panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku vokatif *Nini*, vokatif *Nini* jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku vokatif *Ujang*, vokatif *Ujang*, jeung tanda panyeluk.

e. Subpola Kalimah Vok+Kpy+Vok

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah vokatif, kecap panyeluk, jeung vokatif. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (166) Ju ... ju ... ragan istri ..., éh Néng Ma ... Manda (PW/KG/306/3/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku vokatif *juragan istri*, kecap panyeluk *éh*, vokatif *Néng Manda*.

4.3.2.2 Pola Kp+ Kat ± [Ttk± Tpy± Tpny]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 12 kalimah panyeluk nu miboga pola kecap panyeluk jeung katerangan. Ieu kalimah miboga 3 sub pola nyaéta Kpy+ Kat+Ttk , Kpy+Kat+Tpy , Kpy+Kat+Tpny . Data kalimahna bisa dititénan di handap

a. Subpola Kalimah Kpy+Kat+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih lima kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, katerangan, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (53) Alhamdulillah. (PW/G/262/4/1)
2. (44) Ah, palangsiang ayeuna gé. (PW/A/165/3/6)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk *Alhamdulillah*, katerangan *Alhamdulillah* jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah palangsiang*, katerangan *ayeuna gé*, jeung dipungkas ku tanda titik.

b. Subpola kalimah Kpy+Kat+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih genep kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, katerangan, jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (54) Alhamdulillah!!! (PW/O/292/3/1)
2. (62) Astagfirullohaladzim! (PW/A/164/1/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, katerangan jeung tanda panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *Alhamdulillah*, katerangan *Alhamdulillah*, jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *Astagfirullohaladzim*, katerangan *Astagfirullohaladzim*, jeung dipungkas ku tanda panyeluk.

c. Subpola Kalimah Kpy+Kat+Tpny

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, katerangan, jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (125) Eueuh kitu? (PW/F/159/10/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *eueuh*, katerangan *kitu* jeung tanda pananya.

4.3.2.3 Pola Kpy+C± [Tpny, Ttk, Tpy, Tkm]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 38 kalimah panyeluk nu miboga pola katerangan anu mangrupa kecap panyeluk, caritaan, boh maké tanda panyeluk, tanda titik, tanda pananya, atawa tanda koma boh nu henteu. Ieu kalimah miboga 15 subpola nyaéta Kpy +C+Tpny, Kpy+C+Ttk, Kpy+C+Tpy, Kpy+C+Tkm, C+Kpy+Ttk, C+Kpy+Tpy, Kpy+C+Tpny, Kpy+C+Tkm, C+Kpy+Tpy, Kpy+C+Kpy+C+Ttk, C+Kpy+C+Kpy+C+Kpy+C+Tkm, Kpy+Kpy+C+Tpny, Kpy+C+Kpy+Tpy, Kpy+C+C+Tpy, jeung Kpy+C+Kpy. Data kalimahna di antarana bisa dititénan di handap, sarta satuluyna bisa dititénan dina lampiran

a. Subpola Kalimah Kpy + C+ Tpny

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih genep kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (6) Adeuh, keur arameng? (PW/R/79/10/1)
2. (116) Emh, kitu? (PW/R/81/20/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, caritaan jeung dipungkas ku tanda pananya. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *adeuh*, caritaan *keur arameng* jeung dipungkas ku tanda pananya. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *emh*, caritaan *kitu* jeung dipungkas ku tanda pananya.

b. Subpola Kalimah Kpy+C+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih tujuh kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan, jeung tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (35) Ah, maenya. (PW/R/78/12/1)
2. (38) Ah, montong. (PW/ARLL/186/5/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, caritaan, jeung tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, caritaan *maenya* jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah*, caritaan *montong*, jeung dipungkas ku tanda titik.

c. Subpola Kalimah Kpy+C+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih lima kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (32) Ah, ko perempuan lagi! (PW/TnL/27/20/1)

2. (66) Astagfirullohaladzim, ngagupayan tuh! (PW/O/281/4/4)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk .Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, caritaan *ko perempuan lagi*, jeung tanda panyeluk. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *Astagfirullohaladzim*, caritaan *ngagupayan tuh*, jeung tanda panyeluk.

d. Subpola Kalimah Kpy+C+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih lima kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, caritaan jeung tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (50) Alaaah, duka atuh, (PW/SGS/106/1)
2. (178) Lah, ararisin teuing, (PW/R/80/1/2)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, caritaan jeung tanda koma. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *alaaah*, caritaan *duka atuh*, jeung tanda koma. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *lah*, caritaan *ararisin teuing*, jeung tanda koma.

e. Subpola Kalimah C+Kpy+Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah caritaan, kecap panyeluk, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (128) Geuleuh, ah. (PW/R/80/22/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku caritaan *geuleuh* jeung kecap panyeluk *ah*.

4.3.2.4 Pola Kpy+J± [Tpy, Tkm, Ttk, Tpny]

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 18 kalimah panyeluk nu miboga pola udagan nu mangrupa kecap panyeluk, jejer boh nu maké tanda panyeluk, tanda koma, tanda titik, atawa tanda pananya boh nu henteu. Ieu pola kalimah miboga 5 sub pola nyaéta Kpy+J+Ttk, Kpy+J+Tkm, Kpy+J+Tpy, Kpy+J+J+Tkm jeung Kpy+J+J+Tpy. Data kalimahna bisa dititénan di handap

a. Subpola Kalimah Kpy+J+ Ttk

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih dalapan kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, jeung dipungkas ku tanda titik. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (9) *Aéh*, *Si Ujang*. (PW/R/79/15/1)
2. (15) *Ah*, *awéwé*. (PW/PNKS/234/3/8)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer jeung dipungkas ku tanda titik. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *aéh*, caritaan *Si Ujang*, jeung dipungkas ku tanda titik. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jeung caritaan *awéwé*, jeung dipungkas ku tanda titik.

b. Subpola Kalimah Kpy+J+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih nu miboga lima kalimah panyeluk subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, jeung dipungkas ku tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (29) Ah, Kang Momon mah, (PW/TnL/28/4/1)
2. (71) Aya geulis . (PW/RnP/87/6/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer jeung tanda koma. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *Kang Momon mah*, jeung tanda koma. Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *aya*, caritaan *geulis*, jeung dipungkas ku tanda titik.

c. Subpola Kalimah Kpy+J+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih opat kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer jeung tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (69) Asyik, ya Né! (PW/ARLL/183/13/1)
2. (72) Ayo,Mila! (PW/H/59/5/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk, jejer jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Kalimah panyeluk kahiji diwangun ku kecap panyeluk *asyik*, jejer *ya Né*, jeung dipungkas ku tanda panyeluk.

Anapon kalimah panyeluk nu kadua diwangun ku kecap panyeluk *ayo*, jejer *Mila* jeung tanda panyeluk.

d. Subpola Kalimah Kpy+J+J+Tkm

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih hiji kalimah panyeluk nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, jejer, jeung tanda koma. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (41) Ah, Nining, Nining, (PW/PNKS/234/4/9)

Dina kalimah panyeluk di luhur diwangun ku kecap panyeluk *ah*, jejer *Nining*, jejer *Nining* jeung tanda koma.

e. Subpola Kalimah Kpy+J+J+J+Tpy

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih nu miboga subpola kalimah kecap panyeluk, jejer, jejer, jejer, jeung dipungkas ku tanda panyeluk. Data kalimahna bisa dititénan di handap

1. (126) Euleuh Ian, Untri, Bubung! (PW/TnL/27/16/1)

Dina kalimah panyeluk di luhur, masing-masing diwangun ku kecap panyeluk *euleuh*, jejer *Ian*, jejer *Untri*, jejer *Bubung* jeung dipungkas ku tanda panyeluk.

4.5 Ma'na Pragmatis Kalimah Panyeluk

Ma'na pragmatik kalimah panyeluk téh raket patalina jeung kecap panyeluk anu bisa nuduhkeun ma'na atawa rasa. Tina hasil panalungtikan kapanggih 17 ma'na pragmatis kalimah panyeluk, nyaéta (1) sedih, (2) héran, (3) panggentra, (4) kagét, (5) keuheul, (6) pangajak, (7) tumamprak, (8) panghaturan, (9) tengtrem, (10) reueus,

(11) éra, (12) hariwang, (13) geuleuh, (14) gumbira, (15) bingung (16) sieun jeung (17) salam.

4.5.1 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Sedih

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna sedih nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa sedih panyaturna. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk ah, duh, emh sarta ngaran atawa sesebutan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 21 kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna sedih. Saperti nu katitén dina conto di handap

1. (11) Ah, aksara Nunung cikalna ti Nining. (PW/ARLL/ 181/6/6)
2. (91) Duh Gusti, na teu kénging abdi nguyup madu hirup téh? (PW/TnL/29/2/6)
3. (115) Emh, ka telenges ari lalaki. (PW/T/24/7/3)
4. (241) Ujaaang, Ujaaang!! (Pw/O/295/12/7)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah *Ah, aksara Nunung cikalna ti Nining. (PW/ARLL/ 181/6/6)* mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna sedih. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk ah. Cicingna aya di hareup kalimah. Dina éta kalimah panyatur nyaéta Nini-nini, manggihan aksara incuna Nunung. Panyatur ngarasa sedih ku sabab inget ka incuna nu ditinggalkeun ku manéhna.

Kalimah *Duh Gusti, na teu kénging abdi nguyup madu hirup téh? (PW/TnL/29/2/6)* ma'na pragmatis sedihna dicirian ku kecap panyeluk *Duh* nu nandakeun rasa nalangsa ku sabab panyatur ngarasa dirina teu pernah ngarasakeun kabagjaan dina hirupna. Éta kalimah diucapkeun ku euis nalika papacanganana jeung Kang Héрман teu disapukan ku kolotna. Euis ngarasa sedih ku sabab kabagjaana sok tara laksana waé.

Ma'na pragmatis sedih dina kalimah panyeluk *Emh, ka telenges ari lalaki*. (PW/T/24/7/3) dicirian ku kecap panyeluk *emh* anu nandakeun parasaan nalangsa panyatur lantaran asa ditengteuingan ku lalaki. Éta kalimah diucapkeun ku Aam nalika manéhna ngarasa dibéré harepan kosong ku lalaki. Siga-siga enya micinta tapi tétéla henteu, padahal manéhna geus bogoh ka éta lalaki.

Dina kalimah panyeluk *Ujaaang, Ujaaang!!* (Pw/O/295/12/7) ma'na pragmatis sedih ditandaan ku nyambat ngaran jalema anu nandakeun parasaan nalangsa panyatur anu dibalukarkeun ku jalema nu disebutna. Éta kalimah diucapkeun ku Réni nalika manéhna nyaho yén orok lalaki manéhna geus maot. Réni jejeritan nyanyambat ngaran orokna.

4.5.2 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Héran

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna héran nya éta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa héran panyatur kana hiji perkara. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *aéh, ah, euh, Gusti, na, Ya Allah jeung wah*. Sabada dianalisis, kapanggih 23 kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna héran. Di antarana katitén dina conto ieu di handap

1. (9) *Aéh, Si Ujang*. (PW/R/79/15/1)
2. (43) *Ah, nu bener?* (PW/DN/99/6/1)
3. (99) *Éh, Kang Ukar, geuning beurang kénéh geus mulang?* (PW/NRHT)
4. (125) *Eueuh kitu?* (PW/F/159/10/1)
5. (131) *Gusti, na mahluk naon atuh éta téh.* (PW/O/281/3/3)
6. (203) *Na nénjo naon atuh lanjang sadua-dua nepi ka tingkarocéak.* (PW/KG/308/8/3)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (9) *Aéh, Si Ujang*. (PW/R/79/15/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatis kalimah panyelukna dicirian ku kecap panyeluk *aéh*. Kecap *aéh* aya

di awal kalimat. Kecap *aéh* nandakeun yén panyatur ngarasa héran nalika ningali jalema nu teu disangka-sangka ujug-ujug aya dihareupeunana. Éta kalimat diucapkeun ku Emana Rusdi, basa ningali Rusdi ujug-ujug balik ka imah ngadadak, bari jeung mawa awéwé. Emana Rusdi ngarasa héran ku sabab tara sasarina Rusdi balik ka imah ngadadak.

Dina kalimat (43) *Ah, nu bener?* (PW/DN/99/6/1) ma'na pragmatis héran dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun rasa héran panyatur kana hiji perkara nu diucapkeun ku batur. Éta kalimat diucapkeun ku Ajan nalika ngadéngé Nila urut kabogohna baheula geus rarandaan. Ajan ngarasa héran lantaran Nila téh katingalina dipikabogoh pisan ku salakina baheula.

Ma'na pragmatis héran dina kalimat (99) *Éh, Kang Ukar, geuning beurang kénéh geus mulang?* (PW/NRHT) dicirian ku kecap panyeluk *éh*. Kecap *éh* dina éta kalimat nandakeun yén panyatur ngarasa héran kana paripolah hiji jalma anu béda ti sasarina. Éta kalimat diucapkeun ku panadah ka Ukar, nalika ningali Ukar geus datang. Panadah ngarasa héran lantaran tara sasarina Ukar datang pabeubeurang.

Kalimah (125) *Gusti, na mahluk naon atuh éta téh.* (PW/O/281/3/3) mangrupa kalimat panyeluk anu ma'na pragmatisna héran. Rasa héran dina éta kalimat dicirian ku kecap *Gusti* anu nandakeun yén panyatur ngarasa héran ku perkara anu anéh. Éta kalimat diucapkeun ku Réni basa ningali mahluk anu huntuna rangéténg sarta sirahna gedé. Réni ngarasa héran ku sabab kakara ningali mahluk anu modél kitu.

Kalimah (203) *Na nénjo naon atuh lanjang sadua-dua nepi ka tingkarocéak.* (PW/KG/308/8/3) mangrupa kalimat panyeluk anu ma'na pragmatisna héran. Ieu kalimat dicirian ku kecap panyeluk *na* anu nandakeun rasa héran panyatur ku paripolah hiji jalma anu kaleulewihi. Éta kalimat diucapkeun ku Amanda nalika ningali paripolah dua lanjangna tingkarocéak bangun nu sarieuneun.

4.5.3 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Panggentra

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna panggentra nyaéta kalimah panyeluk anu hartina nuduhkeun yén panyatur nyalukan atawa ngagentraan hiji jalma. Ieu kalimah dicirian ku cara nyebut ngaran atawa sesebutan. Tina hasil analisis data kapanggih aya 8 kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna panggentra. Di antarana bisa diilikan dina conto ieu di handap

1. (58) *Amandaaa ...!* (PW/KG/311/7/1)
2. (77) *Bi ..., Bi Imih ..., Bi,* (PW/KG/308/14/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (58) *Amandaaa ...!* (PW/KG/311/7/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna panggentra. Ieu kalimah dicirian ku nyebut ngaran jalema anu nandakeun yén panyatur ngageroan éta jalma. Ieu kalimah diucapkeun ku jurig basa ngageroan Amanda.

Kalimah (77) *Bi ..., Bi Imih ..., Bi,* (PW/KG/308/14/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ngandung ma'na pragmatis panggentra. Ieu kalimah dicirian ku kecap sesebutan ka jalema. Ieu kalimah diucapkeun ku Amanda ka lanjangna basa ngageroan lanjangna. Amanda biasa nyebut ka lanjangna ku sebutan Bibi.

4.5.4 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Kagét

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna kagét nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa kagét panyaturna. Tina hasil analisis data kapanggih 22 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna kagét. Éta kalimah dicirian ku kecap Astagfirullohaladzim, éh, jeung nyebut ngaran jalma. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto dihandap

1. (67) *Astagfirullohaladzim ... sapuluh wé Mang,* (PW/F/160/5/1)
2. (76) *Bakékok ... éh kékok, éh kékok ... lailah kékok,* (PW/KG/300/13/1)
3. (87) *Cép Deny!* (PW/B/230/14/1)

Kalimah (67) *Astagfirullohaladzim ... sapuluh wé Mang*, (PW/F/160/5/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna kagét. Rasa kagét dina ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *Astagfirullohaladzim*, anu mangrupa kalimah panyeluk nu biasa diucapkeun ku urang Islam nalika kagét. Ieu kalimah diucapkeun ku Lastri basa sacara teu sadar, lantaran anteng teuing ngalamun, manéhna ngasupkeun tahu loba teuing kana baskom. Lastri ngarasa kagét nalika keur anteng ngalamun tukang sayur ngabéjaan yén tahu nu diasupkeun kana baskom téh loba.

Dina kalimah (76) *Bakékok ... éh kékok, éh kékok ... lailah kékok*, (PW/KG/300/13/1) ma'na pragmatis kagét dicirian ku kecap panyeluk *éh*, anu nandakeun panyatur ngarasa kagét. Ieu kalimah diucapkeun ku Bi Imih nalika Amanda ngareuwaskeun Bi Imih. Bi Imih ngarasa kagét nepi ka géhgéran.

Ma'na pragmatis kagét dina kalimah (87) *Cép Dény!* (PW/B/230/14/1) dicirian ku cara nyebut ngaran jalema. Ieu kalimah diucapkeun ku Jang Katma nalika apal yén anu jadi bangsat hayam téh Cép Dény. Jang Katma kagét lantaran teu nyangka nu jadi bangsat hayam téh tétéla Cép Dény.

1.5.5 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Keuheul

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa keuheul panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 30 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul. Éta kalimah dicirian ku kecap *aduh, ah, éh eueuh, ih, lah, na,oh*, jeung sebutkeun ngaran. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (7) *Aduh siah, meni hayang mepeg!* (PW/T/24/6/28)
2. (18) *Ah, biasa gé tara tataros ari Lin aka mamana téh.* (PW/R/77/4/1)
3. (105) *Éh, Si Emang ... rék naon k adieu?* (PW/G/258/8/1)

4. (155) *Ih, Papap mah kalah gumujeng ka Pa Diréktur geuning.* (PW/RnP)
5. (181) *Lah, tong pupu-papa da keur piknik.* (PW/KSB/34/7/1)
6. (208) *Na saha nu kawasa nangtukeun anak lalaki.* (PW/O/285/5/7)
7. (222) *Oooh hoyong ubrang-abringna?* (PW/F/157/6/1)
8. (229) *Popi.* 9PW/RnP/90/7/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (7) *Aduh siah, meni hayang mepeg!* (PW/T/24/6/28) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *aduh siah* anu ngébréhkeun rasa keuheul panyatur kana hiji perkara. Ieu kalimah diucapkeun ku Aam nalika ningali Héрман keur reureujeungan jeung awéwé séjén. Aam ngarasa keuheul ka tingkah polah Héрман anu geus ngajieun manéhna timburu.

Dina kalimah (105) *Ah, biasa gé tara tataros ari Lin aka mamana téh.* (PW/R/77/4/1) ma'na pragmatis keuheul dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun rasa keuheul panyatur. Ieu kalimah diucapkeun ku Lina nalika Rusdi nanyakeun perkara indungna nu bisi melangeun ka Lina. Lina ngarasa keuheul lantaran indungna mah tara paduli ka manéhna.

Ma'na pragmatis keuheul dina kalimah (155) *Éh, Si Emang ... rék naon kadieu?* (PW/G/258/8/1) dicirian ku kecap *éh* nu ngébréhkeun rasa keuheul panyatur. Ieu kalimah diucapkeun ku Néng nalika aya Mang Suanta. Néng ngarasa keuheul lantaran teu resep ka Mang Suanta nu geus nyababkeun mobilna ruksak.

Kalimah (181) *Ih, Papap mah kalah gumujeng ka Pa Diréktur geuning.* (PW/RnP) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatis keuheulna dicirian ku kecap panyeluk *ih* anu nandakeun rasa keuheul panyatur kana hiji hal. Ieu kalimah

diucapkeun ku Popi nalika ningali Bapana kalah katingali bungah nalika manéhna ngarasa kasiksa, ku kituna Popi ngarasa keuheul ka Bapana.

Dina kalimah (208) *Lah, tong pupu-papa da keur piknik. (PW/KSB/34/7/1)* ma'na pragmatis keuheul dicirian ku kecap lah anu nandakeun rasa keuhuel panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Pa Maman nalika Yuyun nyebut Bapa ka manéhna. Pa Maman ngarasa keuheul lantaran Pa Maman hayang leuwih akrab jeung Yuyun, embung disebut Bapa anu mangrupa sebutan keur dines.

Kalimah *Na saha nu kawasa nangtukeun anak lalaki. (PW/O/285/5/7)* mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna dicirian ku kecap *na* nu ngébréhkeun rasa keuheul panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Réni nalika salakina siga-siga teu narima kana orok nu dilahirkeunana, ku kituna Réni ngarasa keuheul

Dina kalimah (222) *Oooh hoyong ubrang-abringna? (PW/F/157/6/1)* ma'na pragmatis keuheul dicirian ku kecap panyeluk oh anu nandakeun rasa keuheul panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Bahrum nalika pamajikanana keukeuh hayang ulin-ulinan jiga batur, ku kituna Bahrum ngarasa keuheul.

Ma'na pragmatis keuheul dina kalimah (229) *Popi. (9/PW/RnP/90/7/1)* dicirian ku nyebut ngaran jalma, anu nandakeun rasa keuheul panyatur ka éta jalma. Ieu kalimah diucapkeun ku Mamih, indung téréna nalika Popi mugen teu daék maké baju bikini keur kontés kageulisan, padahal Popi kudu geus geura tampil ka hereup, ku kituna Mamih ngarasa keuheul ka Popi.

1.5.6 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Pangajak

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna pangajak nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa pangajak panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 22 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna pangajak. Éta kalimah dicirian ku kecap *yu*, mangga jeung hayu. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (85) Bu, urang aremam ayeuna baé *yu!* (PW/KSB/35/26/1)
2. (134) Hayu atuh urang sareng! (PW/T/25/5/1)
3. (183) Mangga atuh, bisi kasiangan. (PW/R/70/12/1)
4. (256) Yun, urang paparahuan, *yu!* (PW/KSB/38/9/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (85) *Bu, urang aremam ayeuna baé yu!* (PW/KSB/35/26/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna pangajak anu dicirian ku kecap *mangga*. Ieu kalimah diucapkeun Tini nalika ngajak yuyun pikeun dahar.

Dina kalimah (134) *Hayu atuh urang sareng!* (PW/T/25/5/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna pangajak anu dicirian ku kecap *hayu*. Ieu kalimah diucapkeun ku Hérmán nalika ngajak Aam pikeun bareng balik.

Kalimah (183) *Mangga atuh, bisi kasiangan.* (PW/R/70/12/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna pangajak anu dicirian ku kecap *mangga*. Ieu kalimah diucapkeun ku Rusdi nalika ngajak Lina indit ka kampus.

Ma'na pragmatis (256) *Yun, urang paparahuan, yu!* (PW/KSB/38/9/1) dicirian ku kecap panyeluk *yu* nu nandakeun pangajak panyatur. Ieu kalimah diucapkeun ku Maman nalika ngajak Yuyun paparahuan.

4.5.7 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Tumamprak

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna tumamprak nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa tumamprak panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 10 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna tumamprak. Éta kalimah dicirian ku kecap ah jeung emh. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (33) Ah, kumaha Kang Momon waé. (PW/TnL/27/3/1)
2. (113) Emh, jero pikir manéhna mah hayangeun lalaki, (PW/TnL/27/21/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (33) *Ah, kumaha Kang Momon waé. (PW/TnL/27/3/1)* mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna tumamprak. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun yén panyatur tumamprak kana hiji perkara. Éta kalimah diucapkeun ku Euis basa ditanya ku Kang Momon perkara ngaran keur budakna.

Dina kalimah (113) *Emh, jero piker manéhna mah hayangeun lalaki, (PW/TnL/27/21/1)* ma'na pragmatis tumamprak dicirian ku kecap panyeluk *emh* anu nandakeun yén panyatur tumamprak kana hiji perkara. Ieu kalimah diucapkeun ku Euis nalika ningali Ibu-ibu manghanjakalkeun lantaran anakna lalaki, padahal keur Nining mah budak lalaki téh dipikahayang pisan.

4.5.8 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Panghaturan

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna panghaturan nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun panghaturan panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 5 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna panghaturan. Éta kalimah dicirian ku kecap nuhun. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (216) Nuhun Gusti! (PW/A/162/4/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (216) *Nuhun Gusti!* (PW/A/162/4/1) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna panghaturan. Ieu kalimah panyeluk dicirian ku kecap panyeluk nuhun anu nandakeun panghaturan panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Alwasim basa hujan. Alwasim ngahatur nuhunkeun ka Allah lantaran geus dibéré hujan.

4.5.9 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Reueus

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna reueus nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa reueus panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 5 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna reueus. Éta kalimah dicirian ku kecap adeuh, aya, ah jeung ih. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (4) Adeueuh, buukna kamajuan euy! (PW/T/23/6/1)
2. (71) Aya geulis. (PW/RnP/87/6/1)
3. (28) Ah, kadeudeuh kolot, ku taya laasna. (PW/O/283/2/3)
4. (196) Naha sok pipilih, ih, jeung sah baé katénjona téh. (PW/R/71/15/4)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (4) *Adeueuh, buukna kamajuan euy!* (PW/T/23/6/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna reueus. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk adeueuh anu nandakeun rasa reueus panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku babaturan Aam basa ningali buuk Aam béda ti sasarina. Baturan Aam ngarasa reueus ka buuk Aam.

Kalimah (71) *Aya geulis.* (PW/RnP/87/6/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna reueus. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk aya anu nandakeun rasa reueus panyatur. Éta kalimah diucapkeun ku babaturan Mamihna

Popi basa ningali Popi tampil ka panggung. Babaturan Mamihna Popi ngarasa reueus ku kageulisan Popi.

Dina kalimah (28) *Ah, kadeudeuh kolot, ku taya laasna. (PW/O/283/2/)* ma'na pragmatis reueus dicirian ku kecap panyeluk ah anu nandakeun rasa reueus panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Réni basa ku manéhna masih ngarasa dipikadeudeuh sok sanajan manéhna geus rumah tangga. Réni ngarasa reueus ku kadeudeuh kolotna.

Ma'na pragmatis dina kalimah (196) *Naha sok pipilih, ih, jeung sah baé katénjona téh. (PW/R/71/15/4)* dicirian ku kecap panyeluk ih anu nandakeun rasa reueus panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Rusdi basa manéhna ningali ku paripolah dununganana Lina, nu beunghar tapi tara pipilih ka babaturan. Rusdi ngarasa reueus ku sipat daréhdéhna Lina.

4.5.10 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Tengtrem

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna tengtrem nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa tengtrem panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 8 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna tengtrem. Éta kalimah dicirian ku kecap Alhamdulillah jeung ah. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (54) Alhamdulillah. (PW/G/262/4/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (54) *Alhamdulillah. (PW/G/262/4/1)* mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna tengtrem. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *Alhamdulillah* anu nandakeun rasa tengtrempanyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Galatik basa

ningali aya kénéh manusa anu bageur. Galatik ngarasa tengtrem ningali paripolah manusa nu bageur.

4.5.11 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Era

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna éra nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa éra panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 5 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna éra. Éta kalimah dicirian ku kecap ah . Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (27) Ah,Ine mah. (PW/RnP/86/5/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (27) *Ah,Ine mah.* (PW/RnP/86/5/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna éra. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun rasa éra panyaturna. éta kalimah diucapkeun ku Popi basa disebut geulis ku Ine. Popi ngarasa éra ku sabab disebut geulis ku Ine.

4.5.12 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Hariwang

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna hariwang nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa hariwang panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 23 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna hariwang. Éta kalimah dicirian ku kecap ah, boa jeung palangsiang . Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (84) Boa-boa Nining geus pupulih yén kuring geus ti pamaénan. (PW/PNKS/235/4/7)
2. (225) Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya! (PW/TnL/28/3/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (84) *Boa-boa Nining geus pupulih yén kuring geus ti pamaénan.* (PW/PNKS/235/4/7) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna éra. Ieu kalimah dicirian ku kecap *boa-boa* anu nandakeun rasa hariwang panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Nanang basa mitohana aya di imahna. Nanang ngarasa hariwang, inggis kalakuan rucahna dibéjakeun ku Nining ka mitohana.

Ma'na pragmatismis hariwang dina kalimah (225) *Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya!* (PW/TnL/28/3/1) dicirian ku kecap panyeluk *palangsiang* anu nandakeun rasa hariwang panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Momon basa ningali orok nu dilahirkeun ku Euis sarua jeung popotongan Euis baheula. Momon hariwang, inggis Euis inget kénéh ka popotonganana.

4.5.13 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Geuleuh

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna geuleuh nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa geuleuh panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 13 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna geuleuh. Éta kalimah dicirian ku kecap ah, éy, iy, yéy . Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (160) *Iy, géték téh Ka, basa mimiti enén mah.* (LSC/244/10/1)
2. (94) *Éy, éta body-na sugan mah!* (PW/T/24/2/4)
3. (252) *Yéy, teu parantes murid nanya kitu ka guru.* (PW/KSB/41/18/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (160) *Iy, géték téh Ka, basa mimiti enén mah.* (LSC/244/10/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna geuleuh. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *iy* anu nandakeun rasageuleuh panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Isti basa mimiti nyusuan Opi orokna.

Kalimah (94) *Éy, éta body-na sugan mah!* (PW/T/24/2/4) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna geuleuh. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *éy* anu nandakeun rasa geuleuh panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Pipih basa ningali awak pamaén basket anu begang. Pipih ngarasa geuleuh ka dedegan pangawak pamaén basakét anu begang.

Ma'na pragmatis geuleuh dina kalimah (252) *Yéy, teu parantes murid nanya kitu ka guru.* (PW/KSB/41/18/1) dicirian ku kecap panyeluk *yéy* anu nandakeun rasa geuleuh panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Yuyun basa Yudi nanyakeun masalah kabogoh ka manéhna.

4.5.14 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Gumbira

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna gumbira nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa gumbira panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 28 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna gumbira. Éta kalimah dicirian ku kecap *aéh*, *asyik*, *éh*, *euleuh horé*, *jeung nyebut ngaran*. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (3) *Aéh ... Mang Suanta, damang, Mang?* (PW/G/261/4/1)
2. (69) *Asyiik, ya Né!* (PW/ARLL/183/13/1)
3. (103) *Éh, Si Aam datang euy!* (PW/T/23/5/1)
4. (126) *Euleuh Ian, Untri, Bubung!* (PW/TnL/27/16/1)
5. *Horé!* (PW/A/165/1/1)
6. *Nini! Nini!* (PW/ARLL/190/3/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (3) *Aéh ... Mang Suanta, damang, Mang?* (PW/G/261/4/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna gumbira. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *aéh* anu nandakeun rasa gumbira panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Bi Inah basa panggih jeung Mang Suanta. Bi Inah ngarasa bungah lantaran panggih jeung Mang Suanta.

Kalimah (69) *Asyiik, ya Néék!* (PW/ARLL/183/13/1) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna gumbira. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *asyik* anu nandakeun rasa gumbira panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Susan basa ngadéngékeun musik karesepna

Dina kalimah (103) *Éh, Si Aam datang euy!* (PW/T/23/5/1) ma'na pragmatis gumbira dicirian ku kecap *éh* anu nandakeun rasa gumbira panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku babaturan Aam basa ningali Aam datang. Baturan Aam ngarasa gumbira ningali Aam datang.

Kalimah (126) *Euleuh Ian, Untri, Bubung!* (PW/TnL/27/16/1) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna gumbira. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *euleuh* nu nandakeun rasa gumbira panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Ibu-ibu di rumah sakit basa ningali Ian, Untri jeung Bubung ngalongok manéhna. Ibu-ibu ngarasa gumbira lantaran geus dilongok.

Kalimah 9*Horé!* (PW/A/165/1/1) mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna gumbira. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *horé* anu nandakeun rasa panyeluk panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku barudak lembur basa ningali banjir saat.

Ma'na pragmatis gumbira dina kalimah *Nini! Nini!* (PW/ARLL/190/3/1) dicirian ku kecap panyeluk sebutan ngaran anu nandakeun rasa gumbira panyaturna nu disababkeun ku jalma nu disebut ngaranna. Ieu kalimah disebutkeun ku incuna

Haryati basa ningali Ninina datang. Incu Haryati ngarasa gumbira ningali Haryati datang.

4.5.15 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Bingung

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna bingung nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa bingung panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 13 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna bingung. Éta kalimah dicirian ku kecap alah, ah, emh, Ya Alloh . Di antarana, bisa diténan dina ieu conto di handap

1. (50) Alaaah, duka atuh, (PW/SGS/106/1)
2. (13) Ah, alim, Mih. (PW/RnP/89/8/1)
3. (118) Emh ..., maksud Papap téh, naha Amanda keresa ... mun ... (PW/KG/299/13/1)
4. (248) Ya Alloh, Si Herman jeung awéwé téa geus aya di tukangeun kuring. (PW/T/24/11/2)

Kalimah (50) *Alaaah, duka atuh, (PW/SGS/106/1)* mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna bingung. Ieu kalimah dicirian ku kecap *alaaah* anu nandakeun rasa bingung panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Ema basa ditanya ku budakna perkara alesan ditinggalkeun ku Bapana. Ema ngarasa bingung tur teu bisa ngajawab.

Kalimah (13) *Ah, alim, Mih. (PW/RnP/89/8/1)* mangrupa kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna bingung. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun rasa bingung panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Popi basa dititah maké baju bikini ku Mamih. Popi ngarasa bingung, sieun ku Mamihna tapi ogé embung maké baju bikini.

Dina kalimah (118) *Emh ...*, maksud *Papap téh, naha Amanda keresa ... mun ...* (PW/KG/299/13/1) ma'na pragmatis bingung dicirian ku kecap panyeluk emh anu nandakeun rasa bingung panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Bapana Amanda basa ngabéjaan yén Bapana rék kawin deui. Bapa Amanda ngarasa bingung, teu bisa lancer poksang bébéja ka Amanda.

Ma'na pragmatis bingung dina kalimah (248) *Ya Alloh, Si Herman jeung awéwé téa geus aya di tukangeun kuring.* (PW/T/24/11/2) dicirian ku kecap *Ya Alloh* anu nandakeun rasa bingung panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku Aam basa engeuh Hérmán geus aya di tukangeun manéhna. Aam ngarasa bingung, teu puguh rarasaan jeung ngarasa samar polah.

4.5.16 Kalimah Panyeluk nu Ma'na Pragmatisna Sieun

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul nyaéta kalimah panyeluk anu ngébréhkeun rasa keuheul panyaturna. Tina hasil panalungtikan kapanggih 19 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul. Éta kalimah dicirian ku kecap ah, iy, nyebut ngaran . Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (57) *Alim, Enéng sieun, ah.* (PW/KG/314/3/1)
2. (161) *Iy ..., situncuing!* (PW/S/264/5/1)
3. (121) *Enéng ... nu ngaharirirng ...,* (PW/KG/311/2/4)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (57) *Alim, Enéng sieun, ah.* (PW/KG/314/3/1) mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna keuhuel. Ieu kalimah dicirian ku kecap panyeluk *ah*

anu nandakeun rasa keuheul panyaturna. Éta kalimah diucapkeun ku Bi Imih basa dititah kaluar ku Amanda. Bi Imih ngarasa sieun lantaran di luar aya jurig.

Dina kalimah (161) *Iy ..., situncuing! (PW/S/264/5/1)* ma'na pragmatis kalimah panyeluk dicirian ku kecap panyeluk *ah* anu nandakeun rasa sieun panyaturna. Ieu kalimah diucapkeun ku budak basa ngadéngé situncuing ngelak. Budak ngarasa sieun ku sora situncuing anu dipercaya bakal aya nu maot.

Ma'na pragmatis sieun dina kalimah (121) *Enéng ... nu ngaharirirng ..., (PW/KG/311/2/4)* dicirian ku kecap panyeluk sebutan jalma. Ieu kalimah diucapkeun ku Bi Imih basa ngadéngé aya nu ngahariring tengah peuting. Bi Imih ngarasa sieun ku nu ngahariring tengah peuting.

4.5.17 Ma'na Pragmatis Kalimah Panyeluk Salam

Kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna salam nyaéta kalimah panyeluk anu nuduhkeun salam. Tina hasil panalungtikan kapanggih 4 kalimah panyeluk nu ma'na pragmatisna keuheul. Éta kalimah dicirian ku kecap wilujeng. Di antarana, bisa dititénan dina ieu conto di handap

1. (244) Wilujeng anaking, (PW/KG/299/3/1)
2. (245) Wilujeng kulem! (PW/H/59/8/1)
3. (246) Wilujeng sonten, madame, (PW/H/53/2/1)
4. (247) Wilujeng wengi, (PW/KG/300/10/1)

Kalimah di luhur mangrupa kalimah panyeluk anu ma'na pragmatisna salam. Ieu kalimah dicirian ku kecap wilujeng anu ngébréhkeun salam panyatur. Kalimah (244) *Wilujeng anaking, (PW/KG/299/3/1)* diucapkeun ku Bapa Amanda basa

Amanda ninggalkeun Bapana. Kalimah (245) *Wilujeng kulem!* (PW/H/59/8/1) diucapkeun ku Mila basa nganteurkeun Daud saré. Kalimah (246) *Wilujeng sonten, madame,* (PW/H/53/2/1) diucapkeun ku tamu ka Mila basa pasosoré di kafé. Kalimah (247) *Wilujeng wengi,* (PW/KG/300/10/1) diucapkeun ku Amanda basa peuting-peuting ka Bapana.

4.6 Tahapan Pragmatis Kalimah Panyeluk

Tahapan pragmatis kalimah panyeluk nyoko kana ragam basa anu biasa disebut ku istilah tatakrama basa atawa undak-usuk basa, anu mangrupa sopan santun makéna basa dina waktu komunikasi. Ieu tatakrama basa téh raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, kaakraban, jeung kontak antara panyatur jeung pamiarsa katut jalma nu dicaritakeun.

Tina hasil analisis data kapanggih aya tilu tahapan pragmatis kalimah panyeluk, nyaéta (1) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna lemes, (2) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna wajar, jeung (3) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna kasar.

4.6.1 Kalimah Panyeluk nu Tahapan Pragmatisna Lemes

Basa lemes atawa hormat nyaéta basa anu dipaké lamun keur nyarita bari hayang nétélakeun panghormatan, boh ka diri sorangan (jalma I), boh ka diri batur nu diajak nyarita (jalma II) atawa nu dicaritakeun (jalma III). Tina hasil analisis data kapanggih 42 kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna lemes. Di antarana bisa ditiénan dina ieu conto data di handap

1. (255) Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya! (PW/TnL/28/3/1)
2. (200) Na Kang Harja téh gaduh garwa deui? (PW/O/294/19/1)
3. (245) Wilujeng kulem! (PW/H/59/8/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (255) *Palangsiang, keur bobotna émut baé ka dinya!* (PW/TnL/28/3/1) mangrupa kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna lemes. Dina éta kalimah ébréh kecap-kecap lemes anu jadi ukuran tahapan pragmatis lemes, nya éta kecap *bobotna* jeung kecap *émut*.

Dina kalimah (200) *Na Kang Harja téh gaduh garwa deui?* (PW/O/294/19/1) tahapan pragmatis kalimah panyeluk lemes katitén dina kecap *gaduh* jeung *garwa*. Anapon tahapan pragmatis lemes dina kalimah (245) *Wilujeng kulem!* (PW/H/59/8/1) dicirian ku kecap *kulem*.

4.6.2 Kalimah Panyeluk nu Tahapan Pragmatisna Wajar

Basa loma atawa kasar dipaké lamun jalma kadua jeung jalma katilu tahapanana sahandapeun jalma kahiji, atawa babaturan nu geus loma pisan. Tina hasil analisis data kapanggih 206 kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna wajar. Di antarana bisa dititénan dina conto datadi handap

1. (24) *Ah, geus heubeul imah téh teu rerekétan.* (PW/A/163/6/1)
2. (92) *Éééh ... ngadon diajakan ngobrol, sina saré kainya Eman!* (PW/O/284/13/1)
3. (99) *Éh, Kang Ukar, geuning beurang kénéh geus mulang?* (PW/NRHT/250/8/1)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (24) *Ah, geus heubeul imah téh teu rerekétan.* (PW/A/163/6/1) mangrupa kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna wajar. Dina éta kalimah ébréh kecap-kecap wajar anu jadi ukuran tahapan pragmatis wajar, nyaéta kecap *heubeul*, *imah* jeung kecap *rerekétan*.

Dina kalimah tahapan pragmatis kalimah panyeluk (92) *Éééh ... ngadon diajakan ngobrol, sina saré kainya Eman!* (PW/O/284/13/1) kasar katitén dina

kecap *saré* jeung *kainya*. Anapon tahapan pragmatis wajar dina kalimah (99) *Éh, Kang Ukar, geuning beurang kénéh geus mulang?* (PW/NRHT/250/8/1) dicirian ku kecap *beurang* jeung *mulang*.

4.6.3 Kalimah Panyeluk nu Tahapan Pragmatisna Kasar

Kalimah anu miboga tahapan pragmatis kasar digunakeun dina situasi ngambek, atawa dipaké ka sato. Tina hasil analisis data kapanggih 11 kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna kasar. Di antarana bisa dititénan dina conto di handap

1. (139) *Héy, jarajablog waééé!* (PW/KSB/37/13/1)
2. (156) *Ih, Si Ajan, iraha atuh silaing rék aya kamajuan!* (PW/DN/97/16/1)
3. (210) *Naon ieu téh teu pupuguh: boa bogoheun, boa henteu ka aing.* (PW/T/24/6/3)

Jst (titénan dina lampiran!)

Kalimah (139) *Héy, jarajablog waééé!* (PW/KSB/37/13/1) mangrupa kalimah panyeluk anu tahapan pragmatisna kasar. Dina éta kalimah ébréh kecap-kecap kasar anu jadi ukuran tahapan pragmatis kasar, nyaéta kecap *jarajablog*.

Dina kalimah (156) *Ih, Si Ajan, iraha atuh silaing rék aya kamajuan!* (PW/DN/97/16/1) tahapan pragmatis kalimah panyeluk kasar katitén dina kecap *silaing*. Anapon tahapan pragmatis kasar dina kalimah (210) *Naon ieu téh teu pupuguh: boa bogoheun, boa henteu ka aing.* (PW/T/24/6/3) dicirian ku kecap *aing*.

4.7. Pedaran Hasil Panalungtikan

Kalimah panyeluk nyaéta salasihiji kalimah disawang tina fungsina dina kontéks situasi, anu eusina pikeun ngébréhkeun rasa (émosi) panyaturna, saperti rasa

gumbira, sedih, kagét, geuleuh, reueus jst. Biasana, dina tulisan sok ditungtungan ku tanda panyeluk (!).

Kalimah panyeluk dina kumpulan carpon Panggung Wayang ditalungtik dumasar kana kapragmatisanana, nyaéta dumasar kana wandana, adegan kalimahna, ma'na pragmatisna jeung tahapan pragmatisna.

Wanda kalimah panyeluk mangrupa papasingan kalimah panyeluk ditilik tina adegan internalna. Ieu wanda kalimah téh dibagi tilu nyaéta (1) wanda panggentra dicirikeun ku kalimah panyeluk dina wangun ku sesebutan ngaran, jumlahna aya 44 (2) wanda salam dicirikeun ku kalimah panyeluk dina wangun salam anu biasa disebutkeun nalika patepung jeung jalma lian atawa mungkas omongan, jumlahna aya 4, jeung (3) wanda anteuran dicirikeun ku kalimah panyeluk anu diwangun ku kecap-kecap anu nuduhkeun ébréhan rasa (émosi) panyaturna, jumlahna aya 211.

Analisis dumasar kana adeganana, mangrupa analisis kalimah panyeluk dumasar kana adegan strukturna. Ieu adegan téh dipasing-pasing nurutkeun sampurna jeung teu sampurnana struktur kalimah. Kalimah nu sampurna mangrupa kalimah anu diwangun ku struktur jejer jeung caritaan boh dibaréngan ku udagan (U), panglengkep (Pang), jeung katerangan (Kat), boh henteu, sabalikna ari kalimah teu sampurna, nyaéta kalimah panyeluk anu diwangun ku sakurang-kurangna ti struktur jejer jeung caritaan. Adegan kalimah sampurna jeung teu sampurna miboga sababaraha pola. Éta pola-pola téh masing-masing miboga sababaraha subpola anu dibédakeun ku posisi sarta jumklah unsur fungsional kalimahna.

Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 156 kalimah panyeluk nu adegan kalimahna sampurna sarta 103 kalimah panyeluk nu adegan kalimahna teu sampurna. Dina kalimah sampurna kabagi 8 pola nyaéta (1) pola $Kpy+J+C_{\pm}$ [$Tpy_{\pm}Tpn_{y_{\pm}}Ttk_{\pm}Tkm$] kabagi jadi 47 pola, jumlahna aya 101, (2) pola $Kpy+J + C$

+Kat± [Tpy±Tpny±Ttk±Tkm] kabagi jadi 24 subpola, jumlahna aya 27, (3) Pola Kpy+J+C+Pang± [Tpy±Tpny±Ttk±Tkm] kabagi jadi 7 subpola, jumlahna aya 11, (4) Pola Kpy+J+C+U±[Tpy±Tpny±Ttk±Tkm] kabagi jadi 11 subpola, jumlahna aya 11, (5) pola Kpy+C+Pang+Tkm jumlahna aya 1, (6) pola Kpy+C+Kat+Ttk jumlahna aya 1, (7) pola Kpy+C+U+Kat+Ttk jumlahna aya 1, (8) pola Kpy+J+Kat+Ttk jumlahna aya 1.

Dina kalimah teu sampurna miboga 4 pola nyaéta (1) pola Vok ±Tpy± Ttk kabagi jadi 8 subpola, jumlahna aya 34, (2) pola Kpy+Kat ± [Ttk±Tpy±Tpny] kabagi jadi 3 subpola, jumlahna aya 12, (3) pola Kpy+C ± [Tpny±Ttk±Tpy±Tkm] kabagi jadi 15 subpola, jumlahna aya 38, (4) pola Kpy+ J ± [Tpy±Tkm±Ttk±Tpny] kabagi jadi 5 subpola, jumlahna aya 19.

Analisis dumasar kana ma'na pragmatis kalimah panyeluk mangrupa papasingan kalimah panyeluk dumasar kana ma'na kalimah panyeluk anu dipatalikeun jeung kontéks situasina. Dumasar kana hasil analisis data kapanggih 17 ma'na pragmatis kalimah panyeluk nya éta (1) ma'na pragmatis sedih jumlahna aya 21, (2) ma'na pragmatis héran jumlahna aya 23, (3) ma'na pragmatis panggentra jumlahna aya 8, (4) ma'na pragmatis kagét 22, (5) ma'na pragmatis keuheul jumlahna aya 30, (6) ma'na pragmatis pangajak jumlahna aya 22, (7) ma'na pragmatis tumamprak jumlahna aya 10, (8) ma'na pragmatis panghaturan jumlahna aya 5, (9) ma'na pragmatis tengtrem jumlahna aya 5, (10) ma'na pragmatis reueus jumlahna aya 8, (11) ma'na pragmatis éra jumlahna aya 5, (12) ma'na pragmatis hariwang jumlahna aya 23, (13) ma'na pragmatis geuleuh jumlahna aya 13, (14) ma'na pragmatis gumbira jumlahna aya 28, (15) ma'na pragmatis bingung jumlahna aya 13 (16) ma'na pragmatis sieun jumlahna aya 19 jeung (17) ma'na pragmatis salam jumlahna aya 4.

Analisis dumasar tahapan pragmatis mangrupa analisis kalimah panyeluk dumasar kana tatakrama basa anu dipaké dina ngébréhkeun rasa panyatur. Tina hasil analisis data kapanggih aya tilu tahapan pragmatis kalimah panyeluk, nyaéta (1) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna lemes jumlahna aya 42, (2) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna wajar jumlahna aya 206, jeung (3) kalimah panyeluk nu tahapan pragmatisna kasar jumlahna aya 11.

Sabada nganalisis kana data anu aya dina kumpulan carpon wayang, tétéla teu sakabéh perkara anu patali jeung kalimah panyeluk luyu jeung tiorina. Aya sababaraha perkara anu béda, aya ogé anu jadi nambahan kana tiorina.

Tiori anu béda aya dina ciri kalimah panyeluk. Salasahiji ciri kalimah panyeluk nyaéta dipungkas ku tanda panyeluk (!), tapi dina data nu kapanggih dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia, kalimah panyeluk teu salawasna dipungkas ku tanda panyeluk. Loba kalimah panyeluk anu dipungkas ku tanda titik (.), tanda koma (,), jeung tanda pananya (?).

Anapon tiori anu nambahan aya dina ma'na pragmatis kalimah panyeluk. Nurutkeun Sudaryat (2007: 23), ma'na pragmatis kalimah panyeluk téh aya 12 rupa nyaéta (1) gumbira, (2) kagét, (3) hariwang, (4) geuleuh, (5) nyeri, (6) keuheul, (7) tumamprak jeung (8) tengtrem, (9) pangajak, (10) pangwilujeng, (11) panghaturan jeung (12) sandi sora, tapi dina data nu kapanggih dina kumpulan carpon *Panggung Wayang* karangan Aam Amilia kapanggih 17 ma'na pragmatis kalimah panyeluk nyaéta katambahan ku 5 ma'na pragmatis nyaéta (1) sedih, (2) héran, (3) éra, (4) bingung, jeung (5) sieun.



Fitria Puji Lestari, 2014

Adegan Pragmatis Kalimah Panyeluk Dina Kumpulan Carpon Panggung Wayang Karangan Aam Amalia

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu